ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ГАЗЕТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№197 (21.105) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 12-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

НэщІикІыж хьидыр гъэлъэпІэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм зыкъыІэзэрысхуигъэзам ипкъ иткІэ, **унафэ щІ**:

1. 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 12-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылажьэгъэуэ махуэу щыгъэзывын.

2. Мы Указым къару егъуэт ар къыщІэтрадза махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№72-УП

«Бахьсэнщемент» акционер обществэ зэІуха къызэрэпэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м *№245-ІІП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цемент къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэ щызэтегъуэвэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**

1. Къызэгъэпэщыпхъэу къэлытэн зи устав мылъкур сом мелуан 20 хьу «Бахьсэнщемент» акционер обществэ зэІуха, и устав мылъкур мы къыкІэлыкІуэм хуэдэу тегуэшауэ:

«УГМК-Холдинг» ООО-м – процент 51-р;
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм – процент 49-р.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэ цІы ресурсхэмкІэ и министерствэм (Сэхьу М.И.) хуэгъэувын:

щыІэ хабзэхэм тету «Бахьсэнщемент» акционер обществэ зэІухам и къызэрэпэщащІуэм щыгъуэ я Іуэхущапіэр къызэрызэІуах документхэр игъэхьэзырыну икІи ар къэралым егъэтхьаным пыщІа зыхуэфащэ юридическэ Іуэхуэр зэфІигъэкІыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкІэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын:

«Бахьсэнщемент» акционер обществэ зэІухам хальхьэну устав мылъкумкІэ вносыр сом мелуани 9,8-м нэсу нэхъыбэ щІын мурадкІэ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» 2006 гъэм дыгъэзагъэм и 29-м кІащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №103-РЗ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр щыІэ хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пащхьэ ирилъхьэну;

зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр кІащта иэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іыхьэу «Бахьсэнщемент» акционер обществэ зэІухам и устав мылъкум хилъхьэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэ цІы ресурсхэмкІэ и министерствэм сом мелуани 9,8-рэ хухихьну.

4. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхъуэ кІэлыплІыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп хуэдэу ТхьэзэплыжьМ.ТІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп хуэдэу зыгъэзащІэ ЧЕЧЕНОВ Ануар

● ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэр

Кремлым и блым деж щекІуэкІа джэгу

КРЕМЛЫМ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм къекІуэ-ІыпхъэмкІэ зэгурыІуэгъэу абыхъэм пщыхьэщхьэ тельыджэ къаз-эзэрыпэщыльыр щажрІэзм, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр **Соколов Александр** щыуатэкъым. «ИгъащІэкІэ Урысейм дригъэсщІ» театр гъэлъэгъуэныгъэм еплыну кІрагъэблэгъэ къалэдэсхэр, Москва и хьщІэхэр, ди хэкуэгъуэхэр концертым щидзэным куэд иІэжу Кремлым кьеиуэлІат.

Концертым и пэ кьихуэу къэпсэльащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ **Зубков Виктор** - «Зэкъуэт республикищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим - я лІыкІуэхэм си гуапэу сехъуэхьуну хуит сыкъэфщІ. А щІыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр лІэщІыгъуплІрэ ныкъуэрэ хьуауэ Урысейм хэту кІоръуэгурыкІуэ. Иджы дэ псоми ди зэхуэдэ къалащхьэм щыдогъэлъэпІэ я пІалъэ гъуэзэджэм хуэгъэпса гуфІэгъуэр. Фи адэжьхэм илъэс 450-рэ ялрэкІэ апхуэдэ унафэ кІыуэращтам и мыхьэнэр зыхуэгъэзар геополитикэм и закъуэкъым. Абы кІэрикІуащ мыкІуэдыжьым фІыгъуэхэр: зэныбжьэгъуфІэр, пэжьигъэр, щэнхабзэкІэ зэхъуэжьныр. Республикиищым ящыщу дэтхэнэри зыхуэфагъэзэн щымыІэу хэхащ, ауэ а щыри хохьэ Урысейкіэ зэдиж зэжьуэтыныгъэ льащІэм. Сэ сыныкъуэхьу зэгъэуэгу илъэс 450-рэ лъандэрэ дыкІыІэрыІэдэгъуэгурыкІуэмкІэ. Си гуапэщ фи лъэпкъхэм фІыгъуэу щыІэр къайхьулІэну».

Абы кІэлъыкІуэу къэпсэльащ Адыгеим и Президент **ТхьэкІэлушынэ Аслъэнджэрий**: «Нобэрей гуфІэгъуэм хэтхэм узынишагъэ быдэ яІэну,ефІэкІуэну сохьуэхьу. Сыкъыщежьэм щыгъуэ Адыгеим и щыхьэм сэ пшэрыльэ кІыс-щащІащ Урысейр, Урысей зэкъуэтыр, Урысей зэкъуэтым и Іэтащхьэу къэралыр зехьэным пыщІа кьалэн гугъуэхэр зи пщэ дэзыльхьэжар фІыуэ зэрэльаргъуэр вжеСІэжьыну».

«Си дежкІэ икъуКІэ гуапэщ КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щІэкІэ зыфхуэзгъэзэну Іэмал зэрыгъэгъуэтар, - жиІащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**. - Ильэс Іэджэ хьуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым езым иІэ зэфІэкІэр яджы хуэдэу уБгъуауэ Москва зэрыщІигъэльагъуэрэ. Нобэ дэ арГуэру зэ фІыщІэ яхуэтщу дигу кьыдогъэкІыж Урысей къэралым фыкІэу щыпсэуэрэ, дыІэрылажьэр зи фІыщІэ ди адэжьхэр. Дэ псоми ди хэкур зыщ икІи бгырыскэм абы хуаІэ льагъуныгъэр зыкІи нэхъ мащІэкъым ди къалащхьэ гъэзэждкэм дэсхэм я хэкур зэралъагъум нэхърэ. Дэ ди къэкІуэнур Урысейм кьыгуэкьипІэ имыІэу пыщІащ. Абы техуэуэу фиигу кьэзгъэкІыжыну сыкъуэгу сыкъуэт Тургенев Иван и псалъэ хьэлэмэтхэр: «Дэ тщыщ дэтхэнэри имыІэу Урысейр псэуфынущ, ауэ дэ тщыщу зыри псэуфынущ Урысейр имыІэу». А псалъэхэм я щыхьэт наІуэщ ди лъэпкъым и щыху нэхъыфІхэм Урысейм кьулыкьу зэрырихуащІа щыкІэр. Къзбгъэлъэгъуэну ирикъунщ Черкасскэ пщыхьэм я лІакъуэр. Черкасский Петр Борис и кьуэр губернатору, Черкасский Владимир Александр и кьуэр Москва кьалэм и тетУ щытащ. Москва Іэхъущлафэ дахэхэмкІэ къэралым и щыпІэ куэдым щыцІэрыІуэщ, КъБР-ри абы куэдкІэ къыщогуГь. Дэ ди фІэщ мэхъу Хэжум и кьалащхьэм хуэдІэ ныбжьэгъуэгъэмрэ абы дыІэрыдэлажьэмрэ нобэрей махуэшхэм и фІыщІэкІэ нэхъ быдэ зэрыхьунур. Мы гуфІэгъуэм зыхуэдГъэхьэзырынымкІэ кьыхэзрыдІэпэкъуэм папщІэ хэхауэ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ Урысейм и Президент Путин Владимир, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Зубков Виктор, УФ-м щыналъэхэм зегъэужьныкІэ и министр Козак Дмитрий, Москва и Іэтащхьэ Лужков Юрий сымэ».

«Зы маззэм нэблэгъауэ ди зэкъуэт республикэхэм щагъэльапІэ ахэр езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрыхьихьэр ильэс 450-рэ зэрырикъуар, - жиІащ КъШР-м и Президент **Батдыев Мустэфа**. - А гуфІэгъуэхэр йокІуэкІ «ИгъащІэкІэ Урысейм дригъэсщІ» псалъэхэм тету. Ди щІыналъэхэр Урысейм щыщ Іыхьэщ. Абы и фІыщІэкІэ бгырыскэм кьыхэІуахащ дунейпсо щэнхабзэм ухуэзышэ гъуэгур. Ар куэдым ягу кьагъэкІыжьыпхъэщ».

Концертыр кьызэІуихащ Пятницкэм и цІэр зезыхьэ хорым. Абы къыкІэлыплІыащ республикищым и творческэ лэжьакІуэ нэхъыфІхэм кьызэрагъэпэща «ИгъащІэкІэ Урысейм дригъэсщІ» театр гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хэтащ «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэр, Тут Заур, Билан Диме, Хьэжрокъуэ Сультан, Адыгеим и «Налмэс», «Майкопчанка» ансамблхэр, нэгъуэщІхэри. Концертыр икъукІэ Іэтауэ екІуэкІащ.

Концерт нэужьым абы къыщІэкІыжакэм джэгушхуэ Кремлым и блым деж къыщыдзыІэуахащ.

● Щіэ



Сурэтыр тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ.**

Нэхъри екІу мэхъу

Европей къалэшхуэхэм къыщагъэсэбэп, абджыпсым кьыхэщІыкІа «панорамэ лифтхэр» Къэбэрдей-Балъкъэрми къэсащ. Ар япэу щагъэуващ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІ «Іуащхьмахуэ» Уардэуныэм.

Къатпшу зэтет уІэрэ нэхьри зыгъэдэха лифтыр Германием къращащ. Мазэ псокІэ ар ягъэуващ Москва кьикІа ІэщІагъэлІхэм. Абджыпс лифтыр хуиту щыплъагъунущ, унэм и ІупльапІэмкІэ ущытмэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● КъБКъУ-50

Зэхьэзэхуэхэр йокІуэкІ

Мы махуэхэм ягъэлъапІэ бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьыхэзрызэрагъэпэщащэ илъэс 50 зэрырикъур. Махуэшхуэм ирихьэлІэу еджапІэ нэхъыщхьэм и факультетхэр зэхьэрхуэрэгъу хьуауэ жьпІэ хъунущ.

МЭРЕМ кІуам кьыщыщІэдзауэ университетым щокІуэкІ футбол, баскетбол, стІолыщІхэ теннис, хьэпъэ къэІэтын, шахмат, волейбол, велосипедкІэ кьызэдзэжэн спорт зэхьэзэхуэхэр. Мыпхуэдэ спорт зэхьэзэхуэхэр КъБКъУ-м илъэс кьэс кьызэрегъэпэщ махуэшхуэ хэхахэм ирихьэлІэу. Хабзэ зэрыхъуауэ, факультет кьэс езым кьызэрегъэпэщыж командитІ-щы, спорт лІэужьыгъуэхэм хухэхауэ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуэхэр наІуэ хъунущ жэпуэгъуэм и 10-м. НэхъыфІхэм саугъэт лъапІэхэр иратынущ.

КъБКъУ-м и махуэшхуэр ирырагъэлъапІэу жэпуэгъуэм и 5 - 10-эм Іуащхьмахуэ дэкІынущ студент гуп. Абыхэм лъагапІэм щыхасэнущ университетым и бэрэкъыр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Адыгейм и махуэр ягъэлъапІэ

АДЫГЕЙ. *Жэпуэгъуэм и 5-м Адыгэ Республикэм и махуэр Іэтауэ щыналъэм щагъэльэпІащ. Абы ехьэлІа гуфІэгъуэ зэІушІэхэр, пэкІухэр, жармыкІэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, концертхэр, спектакль теплъэгъуэхэр къалэхэм, районхэм щекІуэкІащ. А махуэм щыхуэхэр дэжьахым.*

РЕСПУБЛИКЭМи щыхуэхэм хьуэхъуКІэ захуигъэзащ Адыгейм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн (ТхьэкІущынэ Аслъэнджэрий а махуэм Москва щыІащ, КъБР-р, КъШР-р, АР-р Урысейм зэрыхьихьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъуам екъэлІа гуфІэгъуэхэм хэту) икІи кьыхигъэщащ щІыналъэм и махуэр гъэувыныр гугъуэу зэрящытар. Сыту жыпІэмэ, абы и пэ кьихуэу Адыгейр Краснодар краймэ кьыхэзрыхьэкІымкІэ унафэ кьащтэн хуейт. Ар Іэлэткіэ кьыщащтар КПСС-м и областной комитетырщ. Абы щыгъуэ Адыгейр Краснодар краймэ кьыщащтэнум, ирихьэлІэу ди щІыналъэхэм Іэщэкіэ щызэпэщІэувэнкІэ хьунущ. Абы нукькІэ дропІейтей. Сыту жыпІэмэ, щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэр кьыхэзгъэльэпІэн щхьэкІэ Курржым и унафэщІэр зауэм хуэкІуэнкІэ щынагъуэ зэрящыІэр.

«ЩЭКІУЭГЪУЭ - дыгъэгъаазэ мазэхэм, Косовэ теухуауэ унафэ кьыщащтэнум, ирихьэлІэу ди щІыналъэхэм Іэщэкіэ щызэпэщІэувэнкІэ хьунущ. Абы нукькІэ дропІейтей. Сыту жыпІэмэ, щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэр кьыхэзгъэльэпІэн щхьэкІэ Курржым и унафэщІэр зауэм хуэкІуэнкІэ.

Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуну зыхуэдГъэфащэри курржыхэм я бее политикэ щытыкІэр кьызэрящызэщІэплъащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, Курржым и унафэщІэр зэрызэщыхьэу, Абхъазым е Осетие Ипщэм Іэщэ хуагъэдалъэ. Ауэ абы нэхърэ нэхъыфІт политикэ зэпсэльэныгъэ едгъэкІуэкІамэ», - кьыхигъэщащ Бэгъэпщ Сергей.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

«Спартак-Налшык» [Налшык] - «Спартак» [Мэзкуу] - 1:2

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм хьихьэу дыгъуасэ Налшык щекІуэкІа зэІущІэр апхуэдэу иухащ.

Ди щІалэхэм ящыщу топыр дигъэкІащ Пилипчик Сергей.

Мы зэІущІэм теухуа тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Тхьытыщіэ

Нэхъыфі дыдэу къалытащ

ЩІЭНЫГЪЭМ зиужьныкІэ къэрал фондым хьыбарыфІ кьикІащ. 2006 гъэм кьыдэкІа щІэныгъэ тхьытхэм я нэхъыфІ дыдэу кьалытэри, а фондым и лауреат хьуащ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМА-м и профессор Мысачэ Валерэ.

Къэпщытакіуэ гупым хэтащ щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, экологием, узыншагъэр хьумэныкІэ федерацэхэм я Советым и Комитетым и унафэщІыр, къэрал еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэр, Урысейм, США-м, Германием я щІэныгъэлІэхэр. Мы зэІущІэм нэІуасэ зыщыхуащІащ лэжьыгъэ миниплІым нэсым. Налшык щыщ профессор Мысачэм и монографиер, 2006 гъэм еджапІэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІахэм я нэхъыфІ дыдэу кьалытащ. Мысачэр щеджащ Москва, Санкт-Петербург, илъэс щэщІым щІигъукІэ егъэджакІуэу, бухгалтеру, экономисту, ревизору, Іуэхущапіэм и унафэщІу лэжьащ, бизнесым и хабзэхэм фІыуэ щыгъуазэщ. Монографие 15 зыхха Мысачэм и лэжьыгъэхэр Урысей Федерацэм, Германием, Литвам, Къэзахстаным кьыщыдэкІащ.

Адэкіи и лэжьыгъэм и хьер ильагъуну дохьуэхьу Мысачэ Валерэ.

БЖЬЭДЫГЪУ Иринэ,
КъБКъМА-м и доцент.

Республикэм и цІыхухэм, организацэхэмрэ предприятэхэмрэ гу зылъатапхъэ

КъБР-м и УФПС-м хъыбар фегъащІэ 2008 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным зэрящІидзамкІэ.

Нэхъ фызыхуей, фыдзэыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ!

Фэ къыщыфпоплъэ республикэм связымкІэ и пощт къудамэ псоми.

КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.

● Щыгъэзащіэ

Ди тхылъхэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм щагъэльагъуэ

Республикищым щытрадза тхылъу экземпляр 750-м нэблагъэ щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим езыхэм я Урысейм и Президент **Тхьэкіумахуэ Аслъэнджэрий** щыгъэзащІэ. Адыгеир езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрызыхьэзэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Урысей Къэрал библиотекэм жэпуэгъуэм и 4-м кьыщыдзэІуаха выставкэм.

БИБЛИОТЕКЭМ и пІуащІэ пэшыщхьэм пщадджыжьым щыщІэдзауэ щІыпхъэ кІуащ. «Урысей Иныи и зы пліанэпіэ» фІэщыгъэщІэ зиІэ выставкэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм икъукІэ егупуну икІи я гуапэу ягъэхьэзыращ. Абы къекІуэлІа псоми ехъуэхъури, КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур** жиІащ: «Литературэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэр хьуныкІэ щІэныгъэхъуэныщхуэщ икІи абы щыхьэт техуэуэ мы Іуэхум къалащхьэм дэсхэм щыгъуазэ защІыну Іэмал зэрагъэуэтар уэзыщугуфІыкІыкІ Іуэхущ». Министрым КъБР-м и дежкІэ тативно-прикладной гъэздэжьым техуэа альбомыр библиотекэм тыгъэ хуищІащ.

«Дэ тщІыгъуу мы гуфІэгъуэм хэтыну къэкІуащ Адыгеим и Министрхэм я Кабинетым и лэжьакІуэхэм я нэхьыбэр, - жиІащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм**. Абы къегъэльагъуэ ди дежкІэ мы Іуэхум и мыхьэнэм и инагъыр».

Абыхэм жаІахэр диІыгъащ КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр**Бэрокъуэ Рэмэзан** : «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ди гъащІэм и лабжьэ быдэщ. Абыкіэ хэхауэ сэбэпныгеыщхуэ иІэщ литературэм».

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Бжьыпэр къаІэрохьэж

УФ-м баскетболымкІэ и щыхуэгъэкоманд къыхэхар Европэм и чемпионатым щытекІуащ икІи фІэкІуэдаху щыта бжьыпэр зыгъэхьэжащ.

КІэух зэІущІэм ди командэм испан хьыдджэбзхэр хигъэщІащ бжьыпэр 74:68-уэ.

(ИТАР-ТАСС).

Хэт къуаншэр?

Ставропольем я узынщагъэр щыхэфІоувэж ерыскъы зэкІуэкІам сымаджэ ищІа сабийхэм.

Лермонтовр Кисловодскрэ я сымаджэщхэм щІатхыкІыжащ щІалэ, хьыдджэбэ щыкІуу 25-рэ. Ауэ иджыри зэІэзэн хуейхэр куэдкІэ нэхъыбэщ. ІэщІагъэлІхэм къызэрэхутамкІэ, псори кьызыхэкІар сабий садхэм кьыщрата кефирыщ. Ар зэкІуэкІауэ кьыщІэкІащ. УФ-м и санитар дохутыр нэхьыщхьэ Онищенкэ Геннадий зэрыжиІамкІэ, кефирыр кьыщІэзыгъэкІа заводыр зэхуащІащ.

«Кроса» и зэранкІэ

Щыналъэм кьулейсыщІэ ин кьыхуихьащ тенджызым кьыщыкъуубея «Кроса» жьапщэхэм.

Абы ирихужьа псыдзэр жылагъуэ, гъуэгу куэдым щІэуащ. ЗэкІэ кьызэратамкІэ, Тайваным и закъуэ щыхуи 7 щыхэкІэлъыжа хабзэхьэмэхэм ар Крэндон пэмыжьжьэу щаукІащ.

Хэт кьуаншэр?

Урысейм и кьалащхьэм щыпсэу щыху минхэр дыгъуэсэ лъэкІащІэм кьыкІрыхуащ.

Псори зи ягъэр гъэгуэхэм автомобиль куэд дыдэ зэрыщыІэтрихьарщ. Чэзыр кьалъысыным сыхьэт зэрыкІуэр. Іуэхуэр хуабжьу хьэлъэ ищІащ Ленинград щоссем и тоннелыр зыхуей хуагъэзэн папщІэ зэрызэхуащІам. А лэжьыгъэр иджыри щІэх зэфІэкІынукъым.

Делэ хьуат…

США-м и Крэндон къалэ щыкІум насыпыщІагъэ ин кьыщыхьуащ.

Хабзэхъуэм мыбы зэуэ щыхуих щиуКІащ. Абы кьыщыхьащ езым и хьыджэбзыр зыгъэхэм ІэщІагъэкІащ. Аратиу, ди нэхэм кьыщІэхьэрипхъуа щІалэм кІэрахьуэр кьиГъэсэбэпащ.

Питерсон - аращ а полицейм и унэщІэр - щІэпхъэужат. Абы кІэлъыкІа хабзэхъуэмэхэм ар Крэндон пэмыжьжьэу щаукІащ.

Бжьыпэр къаІэрохьэж

УФ-м баскетболымкІэ и щыхуэгъэкоманд къыхэхар Европэм и чемпионатым щытекІуащ икІи фІэкІуэдаху щыта бжьыпэр зыгъэхьэжащ.

КІэух зэІущІэм ди командэм испан хьыдджэбзхэр хигъэщІащ бжьыпэр 74:68-уэ.

(ИТАР-ТАСС).

♦Угандэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1962).

♦Илъэс и пкІэ (2006) КНДР-м жиІащ ядернэ Іэщэр екъуІэныгъэ хэлъу игъэунэхуауэ. ЩІы щІагъ гъэунэхуныгъэхэр къэралым и ищхьэрэ-кьуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыІэ Хамкенгуэкъуэ провинцэм щрагъэкІуэкІащ.

♦Ильэс 15 и пкІэ (1992) СНГ-м хэт къэралхэм я правительствэхэм я унафэщІхэм Іэ традзащ «Мир» телерадиокомпаниер кьызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Жэпуэгъуэм и 9 -11-хэм Москва щекІуэкІынущ Кардиологхэм я уэрыл лъэпкъ конгрессымрэ СНГ-м и къэралхэм я кардиологхэм я конгрессымрэ.

♦Жэпуэгъуэм и 9 - 20-хэм Гент (Бельгие) щекІуэкІынущ 34-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

♦Жэпуэгъуэм и 9-11-хэм Йонкопинг (Швеце) щекІуэкІынущ гъущ Іуэгу транспортым и дуейпсо выставкэ.

♦Илъэс 460-рэ и пэкІэ кьалъхуащ Сааведрэ Мигель де Сервантес (1547-1616), испан тхакІуэшхэр.

♦Илъэс 40 и пэкІэ (1967) Боливием щыхьІущадащ Латин Америкэм щекІуэкІа партизан зэщІэхъуеныгъэм и унафэщІ щэрыІуэ дыдэ, кубэ революцэм и лІыхьужь Эрнесто Че Геварэ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 7-рэ дакьикъэ 15-м, кьухьэхьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 34-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 19-рэ.

ИлІанэпэр зыгъэхьэзырыр ПАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ПщІалаІамэ, бгъуэтыжынщ.

● Щыгъэзащіэ

Ди тхылъхэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм щагъэльагъуэ

Республикищым щытрадза тхылъу экземпляр 750-м нэблагъэ щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим езыхэм я Урысейм и Президент **Тхьэкіумахуэ Аслъэнджэрий** щыгъэзащІэ. Адыгеир езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрызэхьэзэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Урысей Къэрал библиотекэм жэпуэгъуэм и 4-м кьыщыдзэІуаха выставкэм.

БИБЛИОТЕКЭМ и пІуащІэ пэшыщхьэм щыщІэдзауэ щІыпхъэ кІуащ. «Урысей Иныи и зы пліанэпіэ» фІэщыгъэщІэ зиІэ выставкэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм я нэхьыбэр, - жиІащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм**. Абы къегъэльагъуэ ди дежкІэ мы Іуэхум и мыхьэнэм и инагъыр».

Абыхэм жаІахэр диІыгъащ КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр**Бэрокъуэ Рэмэзан** : «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ди гъащІэм и лабжьэ быдэщ. Абыкіэ хэхауэ сэбэпныгеыщхуэ иІэщ литературэм».

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Щыгъэзащіэ

Ди тхылъхэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм щагъэльагъуэ

Республикищым щытрадза тхылъу экземпляр 750-м нэблагъэ щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим езыхэм я Урысейм и Президент **Тхьэкіумахуэ Аслъэнджэрий** щыгъэзащІэ. Адыгеир езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрызэхьэзэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Урысей Къэрал библиотекэм жэпуэгъуэм и 4-м кьыщыдзэІуаха выставкэм.

БИБЛИОТЕКЭМ и пІуащІэ пэшыщхьэм щыщІэдзауэ щІыпхъэ кІуащ. «Урысей Иныи и зы пліанэпіэ» фІэщыгъэщІэ зиІэ выставкэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм я нэхьыбэр, - жиІащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм**. Абы къегъэльагъуэ ди дежкІэ мы Іуэхум и мыхьэнэм и инагъыр».

Абыхэм жаІахэр диІыгъащ КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр**Бэрокъуэ Рэмэзан** : «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ди гъащІэм и лабжьэ быдэщ. Абыкіэ хэхауэ сэбэпныгеыщхуэ иІэщ литературэм».

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Щыгъэзащіэ

Ди тхылъхэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм щагъэльагъуэ

Республикищым щытрадза тхылъу экземпляр 750-м нэблагъэ щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим езыхэм я Урысейм и Президент **Тхьэкіумахуэ Аслъэнджэрий** щыгъэзащІэ. Адыгеир езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрызэхьэзэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Урысей Къэрал библиотекэм жэпуэгъуэм и 4-м кьыщыдзэІуаха выставкэм.

БИБЛИОТЕКЭМ и пІуащІэ пэшыщхьэм щыщІэдзауэ щІыпхъэ кІуащ. «Урысей Иныи и зы пліанэпіэ» фІэщыгъэщІэ зиІэ выставкэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм я нэхьыбэр, - жиІащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм**. Абы къегъэльагъуэ ди дежкІэ мы Іуэхум и мыхьэнэм и инагъыр».

Абыхэм жаІахэр диІыгъащ КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр**Бэрокъуэ Рэмэзан** : «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ди гъащІэм и лабжьэ быдэщ. Абыкіэ хэхауэ сэбэпныгеыщхуэ иІэщ литературэм».

(КІэухыр 2-нэ нап.).

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Ди тхылъхэр къэралым и библиотекэ нэхъыщхьэм щагъэлъагъуэ

(КІуухыр. ПэщІдзэр І-нэ нап.)

Гъэлъэгъуэщи къызІуаха нэужь абы кІрихьэлІахэм экспонатхэм щыгъуазэ зэщІэсу щІадзащ. Мыгувэу КЪР-м и стендым еплъыну бгъэдыхьащ Адыгейм и Министрэм я Кабинетым щыщхэр. Пэом хуэмыдуэ тхылъхэм фІэгъэщІэгъуэну хэпльэрт республикэм физкультурэмрэ спортымкІи и министр, самбэмкІэ иужьрей дунейпсо чемпионатым щытекІуа Хьэсанокъуэ Мурат. Абы и нэм кьэфІэнащ лъэпкъ бэнэкІэхэмкІэ тхылъымрэ республикищым щыщу дуней псом, Европэм, Олимп Джэгуэхэм я чемпион хьуахэм ятеуэуа тхылъымрэ.

- КІыэзэщІыкІмкІэ, самбистхэм гъэщІэгъэн ящыхьэн гуэрхэр КЪР-ми щыІэщ, - едгъэжьащ дэ псалъэмакъыр.

- Сэ сысамбисту къэпльытэ хьуэжьнукъым, - щІэтІуІ Министрыр. - Ауэбзнэкъэзэмыльэжьыгъуэхэм ятеуэуа ди тхылъыр сфІэхьэлэмэтщ. Пэжщ, тхылъ седжэну сэ зэманыншхуэ сиІэкъым, ауэ сыльыщыдэхэм деж кьыэтэщэд. ИкъуІэ си гуапэщ ди тхылъхэрм, абыхэм я мызакъуэу, сурэтхэри Москва къызэрыфщыт радзэ щыІэщ. Иджыдзэ тхылъхэм къэралым гулъытэщхуэ яхунщыкьыркъым, абы лъэпкъ политикэр пщэдейрей Іуэхуу кьылытэ мыхъуну пэтми.

А псалъэхэр узыщыгуфІыкІыну щымытми, «стІол хурейІмэ хэтахэм я гукъыдэжыр нэхъ мащІэ хъуакъым икІи абыхэм гукъэкІыж гуапэ куэд зэхуаІуэтэжащ. Кашпутэмэ, ахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэмылІуэжьыгъуэхэм я тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я Іэдакъэщ!экъэ!эр куэду урысыбзэкІэ къыдагъэкІыу, абыхэм зэщІыгъуу Москва зэ І у щ І э х э р щагъэкІуэкІыу, кьалащхьэм и литераторхэр къэралым и щыналъэ зэмылІуэжьыгъуэхэм куэдрэ кІуэуэ зэрыщытам.

Къэзэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъагІэ махуэхэм республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэм сакъыныгъэр къыпхуэмылытэм хуэдизу ягъэлъэщащ. Ар къыдэхэкІарури гурыІуэгъэщ: Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэм щытыкІэр щыгугъуащ, Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэм бандэ гупхэр щызоуэ. Ахэр зэпымыуэу мэдалъэ терроризмэ щІэнбгъэджажьэ, - къыщІигуащ Тут Заур. - Абыхэм ящІыужкІэ Налшык художникхэм я лъэщапІэу 51-рэ щыІэщ; дэтхэнэри икІу метр зэбгъуэзнатІэ тІощІ-щэщ хьууэ. АтІэ, пщІэ зыхуэсщІ Мухьэдин, Урысей Федерацэм и дэтхэнэ щыналъэм щыпльагъуну апхуэдэ? Сэ фІыуэ кьызгуроІуэ выставкэхэр щагъэльагъуэ унэ гуэрэзэдж щыІэну уэзэрыщІэхьуэпсыр. Дэ тхуэзэфІэкІ сроир длэжьынщ, гъэльэгъуэныгъэхэр кьыщыІэзІуах пэщыым хэдгъэхъуэн папщІэ».

«Иджырей гъуэзджэм дытепсэлъхьу щыщІэдзэкІэ, мыри жысІэнщ, - кьыхилъхьащ Соколов Александр. - Дэ апхуэдэ гъуэзджэм нэхъ сакъыу икІи гулъытэ тхэльу дыбгъэдыхьэпхъэщ. Иджыблагъэ Т ретяковскэ з галереем Франджым щигъэльэгъуэну ишащ ди иджырей художникхэм я Іэдакъэщ!экІэр. Сэ кьыэзэрысльыгъэмкІэ, ар напэтекІщ. Дуней псом кьыщацІыху, дэ дызэрыгушхуэ музейм и дежкІэ зыкІи кьемызэгъщ. Апхуэдэ Іуэхуу укІытэгъуэхэр кьэдгъэхьуну дэ дыхуиткІыж. АтІэми, абы ипэІуэкІэ Франджым кьыщыщІэсальэм ди патриархэ лъапІэм щыхупсэм зегъэужьаныкъм и гугъу ищІащ. Апхуэдэ псалъэхэм яужькІэ дэ а гъэльэгъуэныгъэ зэкІэльымыкІуэр яхудогъащэ».

Щэнхабзэм и махуэхэр Москва щегъэжьауэкІынырь хабзэу уиын папщІэ лэжьын хуейхэмкІэ щеупщІым, министрым кьыхигъэщащ зи чэзу нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдзи зэрыщІэр: «Псалъэм папщІэ, Москва дэтщ Лъэпкъым я театр, езым и трупп имыІэу. Ар сыт и лъэныкъуэкІи хуэщІащ хьэщІэхэр кьеГъэльгъэным. Абы кьыхэкІыу гъэпэжа милицэ лэжьакІуэхэм, хабзэхъумэ псом я!пэу кьиэ щытщІэ. Ар сыт и лъэныкъуэкІи хуэщІащ хьэщІэхэр кьыщІэкІынуц. Аэрращ хьэщхуурыпхъуэм хуэдэу лагъымкІэ кьэзыгъауэр. Я мурадри зыщ: щытыкІэр гугъу щІынырщ. АрщхьэкІэ, республикэм и щІыхуэу фІы зигу илкъэ я тельхьэщ зэгурыІуэныгъэм, мамырыгъэм, я къэкІуэнуэр зэІуэ-пэщу щытыным. КЪР-м и хабзэгъэуэ зэхуэсым и щІэкІи, сэ си щхьэкІи фІыгъэ яхуэсщІыну сыхуейщ къэралым ящыщ къыщыщІэсыпльа махуэхэм дыкъэзыгъэпэжа милицэ лэжьакІуэхэм, хабзэхъумэ псом ямэ. Абыхэм я къаленхэр щІыхь пылъу ягъэзэщІащ.

КъыхэзгъэщхьэхукІын хуейщ шынагъуэншагъэр къыщІэрагъэпэщым щыурадкІэ хабзэхъумэхэм тКІиягъэ пыухыкІахэр щІагъэувам и щхьэусыгъуэр республикэм и щІыхуэм ІэщагъэрыгрыІуар: хабзэхъумэхэм я тхылъхэр ирагъэлъагъурт, гъущІэхэлІэр къэзылъхьуэу Іэмэпсымэхэмкіэ блэжьыну, хухаха щІыпІэм автомобилхэр щагъэзыувыну зыхуагъэлъагъуэхэм захъунщІэртэкъым. Милицэм и лэжьакІуэхэмрэ къаладзэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи зэгурыІуэрт, зэдзэпкъыкъурт.

Уэрамхэмрэ угхэмрэ, концерт тІыпІэхэм хабзэр щыхуэмэнэр нэхъыбзэу зи пщэ дэхуар КЪР-м жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и милицэрщ. Абы и унафэщІхэм ящІущ зы, милицэм и полковник **Ешанды Феликс** щыгъуазэ дызэрищламкІэ, Урысейм и Президент Путин Владимир «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным и Іуэхуфэ» Унафэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Іэ тридзэ нэужь, КЪР-м щІэмыдмкІ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьакъуэ щІыхь зэрыщІэхьуэ иригъэкІуэкІащ. КъэралкІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэм и унафэщІ яубзыхуэу МВД-м и Іэнатіэу лэжьакІэм нэхъ егъэщІылІауэ щытынухэр, къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ зэрызэдлажьэр зэзыгъэуІуну штабрэ лэжьакІуэ гупрэ, апхуэдэу жылагъуэ хабзэр хьумэнкІэ щІыхуэм я щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ зыхуеину псори зэпалытащ. Официальнэ лІыкІуэхэм яхэту юбилеймкІэ къеблагъэ хьэщІэхэм егъэбыдылІауэ щытащ гъуэгу плъыр экипажу 15.

Террорист щІэпхъаджагъэхэр кьамыгъэхъун папщІэ щыщхьэІуэм и 7-м щІадзэри, техникэр, хьэ гъэсахэр кьагъэсбэпурэ гуфІэгъуэхэр щекІуэкІыну щыпІэхэр кьапльытащ. ЩыщхьэІуэм и 17-м щегъэжьауэ, жэщри хьихьэу, яхъумэу щІадзащ яухуэ, зэрагъэпэщыж унэхэр. Милицэм и уполномоченнэхэм псэупІэ унэу 28301-рэ, кьат хуэду зэтет унэу 2208-рэ, подвалу 4881-рэ, пкІэнэу 5201-рэ щІапщытыкІащ.

ШыщхьэІум и 27-м щыщІэдзауэ ДПС стационар постхэм кьыщапщытащ кьалэм кьыдыхьэ автотранспортымрэ цІыхуу кьакІуэмрэ. Жэщым пльырхэм гъусэ хуащІащ Урысей МВД-м и къэралкІуэцІыдзэм и 121-нэ полк хэхам кьулыкъу щызыщІэкэр. ЩІыпІэм нэмыщІ постхэр ящыхуащ кьалэм и дыхьэпІэхэм: «Искож», «Александровкэ», «Кэнжэ», «Къэсэней».

ШыщхьэІум и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІидзауэ щытащ хабзэм кьемызэгъыу яхъумэ. ІэщІэр, шэхэр, кьагъаеуэ пкъыгъуэхэр пщІэкІэ къеІыхьыным теухуа «Іэщ» Іуэхум. Ар иухыным махуиплІ иІэжу ятащ сом мелуан ныкъуэм щІигу и уасэ ІэщІэ, абы гранатэдхэр, автоматхэр, щэ шинэхэр хэту.

Пэжьыгъэщхьэ зэрІагъэкІащ криминальнэ милицэм и Іэнатіэхэми. Терроризмэм иращІэкІ бэнэныгъэр щІагъэхуэбжьэным текуауэ хабзэхъумэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьакъуэ щІыхь зэрыщІэхьуэ гугъэ ящІыгъуу Урысейм и щІыналъэм зэрыщІэхьуэ щІыналъэм и Іэнатіэ зэрыщІэхьуэ ящІыгъуу Урысейм и щІыналъэм зэрыщІэхьуэ щІыналъэм папщІэ».

- Ди щІыналъэм ящІыгъуу Урысейм и щІыналъэм щІэныгъэр», - щІэтІуІ Министрыр. - Ауэ ар ящІыгъуу Урысейм и щІыналъэм щІэныгъэр щІэныгъэ ящІыгъуу

Іуэрыіуатэ - дышэ пхъуантэ

КІылу

ЗЫЖЬІЭ зы щІалэ цыкІу дэст.

КІылу-
кІэ еджэу. Щ1алэ цыкІу гуп
зыщІигъуи, КІылу мэракІуэхъэ кІуащ.
МэракІуэ къащыпуэрэ, жэщ кьатехъуащ.
Іуащхъэ теувэрин, зашлыхьащ. Мафэ щІу
къыщалъатъум абыкІэ кІуащ щІалэ
щІыкІуэр:
- Нэху дыкъыщекІынщ, - жаи.
ЗрихьэлІар нэщІгъуцІыдзэм и уиэрат.
Нэщ1гъущІыдзэр къыщыгуфыкІащ
щІалэ цыкІуэм, яхуэпщІафэщ, игъашхэ-
ри игъэгъэлъыкащ.
Жэщ ныкъуэ хьауэу, бжэр къэкІыргъащ:
нэщІгъущІыдзэр къакІэлъыкІауэ арат,
щІалэ цыкІуэхэр ишхын мурад ищІати.
Бжэр къыщыкІыргъым, КІылу зигъэп-
сэуэІури, щІалэ цыкІуэхэр иІэм
кьитІысхьащ.
- Щхьэ фымыжейр? - жи**щІалэ нэщІгъу-**
щІыдзэм.
- Домжалэ, - жищІалэ **КІылу. - ТшхамкІэ**
дрикъуакъым. Нэщ1гъущІыдзэр яхуэпщІэ-
фІащ щІалэ цыкІуэхэм, ишхын кьахуихьри
щІэкІыжащ:
- Фынхи, фыжей, - жери.
Нэхуф хьауэ кьытригъэзащ нэщІгъу-
щІыдзэм. Бжэр къыщыкІыргъым, щІалэ
цыкІуэхэр кьыхэфІэтІысхьащ.
- Щхьэ фымыжейр?
- Псы тхуолІэ, - жищІащ **КІылу. - Псыхьэ**
кІуэн, кхъуэзанжІэ псы кьытхуэхь.
Нэщ1гъущІыдзэр псыхьэ кІуащ, кхъуза-
нэ кьищэри. Ар къэтхьу, КІылу щІалэ
цыкІуэхэр кьиутІыпщыжащ, езыр
пкІэунэм итІысхьащ.
Дыгъэр къыщІэкІауэ кІынгъэзжащ
нэщІгъущІыдзэм. Щ1алэ цыкІуэхэр
игъэтыжакъым. КІылу пкІэунэм исти, ар
къэпым иридзащ, къэпыщхьэр ипхэри,
езыр мэзым жащ:
- Бжэгъу къэсхьынщи, къэпым уизубэрэ-
жьыхьынщ, - жери. Нэщ1гъущІыдзэр
къэтхьу, КІылу къэпым кьикІыжащ,
щІ1антІэм зы хьжь дэльти, ар къэпым
иридзэри, езыр пкІэунэм итІысхьжащ.
Бжэгъу кьихьри, нэщІгъущІыдзэм и
хьжьыр къэпым ириуКІыхьащ:
- Хьэ щІэу макъ зыщІыни уэ! - жиІуэрэ.
Нэщ1гъущІыдзэм и джэдуужьми аращ
ириІар КІылу: ари къэпым иридзэри,
иригъэукІыжащ: «Джэду макъ зыщІыни
уэ!» - жиІуэрэ. **Ещанэри иридзащ щІалэ**
цыкІуэр къэпым. Иридзэри, мэзым жащ
бжэгъухьэ. Ар къэтхьу, къэпым яжьэ
ирикІутащ КІылу. «Хьэ макъ зыщІыни,
джэду макъ зыщІыни иджыри!» - жери
къэпым бжэгъуКІэ щеуэм яжьэр къижьэ-
хипхъэри, нэщ1гъущІыдзэр изф хьуащ.
Нэщ1гъущІыдзэм дыщэ иІэти, хъуржы-
ным кьрикІутэри, КІылу кьежьэжащ.
КьызджІэжьым, зэпльэкІри, щуиущ
кьикІэльысауэ ильэгъуащ. «Дыщэр
страхьнущ», - жери КІылу бгым щІэуващ.
Щуиущыр къэсащ.
- Бгым щхьэ ущІэт? - игъэщІэгъауащ
щухэм.
- Мы бгыр къэзунущ, зэтезмыІыгъэмэ, -
жиІащ **КІылу. - Бгыр къауэмэ, уафэр**
къехуэхьынурэ, дыщІиІубэнущ. Абы
фыхуэмеймэ, фыкьакІуи, бгым фыщІэувэ.
Щуиущыр епсхьри, бгым щІэуващ.
- Фэ бгыр зэтефІынгъэ. Сэ мэзым сыхы-
хьэнщи, щІэсэн пызущІынщ, - жиІащ
КІылу.
- ШымкІэ нэхь щІэх кьэбгъэсынщ: зым
щэсн, адрей тІур зыбгъурыщІэ, - кьыжра-
Іаи.
Зы пшм щэсщ, адрей тІур зыбгъурищІэри,
КІылу кІэбгъу зищІыжащ - бгъэтмэ, кьащэ.

Зы ЛІЫЖЬ, дунейм щехыжьым, и къуэм уэсят кьыхуигъэнащ:

- Мсэ уэу узрикъун мыльку кьыпхузогъанэ. Мылькум ущымыстхь, зыгуэр щхьэкІэ кьолъэІуэр умыгъэщІэхъу: кьыщІолъэІур хуэщІэ,- жери.

ЛІыжьым и къуэм атхуэдэ уэсят кьиэзэрыхуиГэнар жылэм хэІуащ. ЛЪэІуакІуэ кьакІуэм я хьэтыр илъагъуурэ, щІалэм и адэм кьыхуигъэна мылькур кьыІэщІэухащ - эбла щыІэжьым. И унэм фІэкІ кьыхуэнакъым щІалэм. И унэри итащ, бынунагъэшхуэ кьыщІэлъэІуати.

Зыри кьыхуэмыинжауэ, зылІ кьрихьэлІэри, щІалэм мыр кьыжриІащ:

- Тхьэм и нэфІ кьыпщыхуащ, кьотэнущ, фыгъуищ ухигъэдэнущи, узыхуейр кьыхэх.

«КьыхэсхьнумкІэ сычэнджэщэнщ»,-жери щІалэр ежьащ, гъэзгу тетуръ мэкъуаэу пщыІэ техьащ. МэкъупІэм лІищ хэтти, зым еупщІащ:

- Цыхухъэр сыт нэхъ хуэнькъуэ? Тхьэм фІыгъэщІу сыхигъэдэнущи, сыт кьыхэсхьнІ? - жери.

- АбыкІэ чэнджэщ уэсхьэлІэфінукъым сэ, сэр нэхърэ нэхъыжьыр сяпэ итщи, абы ечэнджэщ, - кьыжриІащ лІым. КІуэри, абыи еупщІащ.

- Ди нэхъыжьыр дяпэ итщи, абы еупщІ, - кьыжриІащ лІым.

Зэшищым я нэхъыжьым еупщІащ щІалэр.

- Пщыіэм техьи, кьыптэпІлъэ: шэджагъуэм дынытехьэжьынущи, ди чэнджэщ уэтхьэлІэнщ, - кьыжриІащ зэшищым я нэхъыжьым.

Пщыіэм техьэри, зэшищым яхуэпщэфІащ щІалэр. Шэджагъуэм щыри кьытехьэжащ. Іэнэ лъакъуищым здыбгъэхьэм, зэшищым я нэхъыжьым мыр кьыжриІащ я хьэщІэ щІалэм:

- Цыхухъэр нэхъ зыхуэнькъуэр бзыльхъугъэ дзгъуэщ, Тхьэр кьыпхуэупсэнумэ, ар кьыхэх.

- Апхуэдэ бзыльхъугъэ фщІэрэ? - еупщІащ щІалэр зэшищым.

- ДощІэ,- кьыжриІащ. - Псэльыхьу и куэдщ, и дэкІуэгъуэ хьуащи. Псэльыхьу и куэдми, улыгъуаззэмэ, уи насып кьихьынкІэ мэхъу.

Гъуэгу жуэхунур кьыжриІэри, щІалэр бзыльхъугъэм я унэм ихьащ. Пщащэм и пэшым псэльыхьу зыбжанэ щызэхэст.

- Мы пщащэр фэ фшэн флъэкІынукъым,- жиІащ щІалэм псэльыхьухэм.

- Ар сыт щхьэкІэ?- жари псэльыхьухэм ягъэщІэгъуащ.

Щ1алэм хьэмкІутІей баш иІыгъ т.

- Мы башыр пщІантІэм щыхэссэнщи, абы тхьэмпэ кьыпидзауэ нэху кьемыкІмэ, пщащэр зыщэнэр фэ фщыщщ. Башым тхьэмпэ кьыпидзауэ нэху кьекІмэ, пщащэм зи насып хэльыр сэращ,- жиІащ щІалэм.

Щ1алэм башыр пщІантІэм щыхисэри, тхьэмпэ кьыпидзауэ нэху кьекІащ. Ар щальагъум, псэльыхьухэр шэсжащ:

- Пщащэм зи насып хэльыр уэращ,- жари.

Пщащэр кьратри, кьаутІыпщыжащ щІалэр. КьэкІуэжри, кьуажэкІэм деж щытІысащ, чы-бжэгъу унэ ищІри, псэун щІидзащ.

- Мыр хьэункъым, лъыщІакІуэ сежэнщи, зыгуэр зэзгъэпэщынщ, - жери щІалэр ежьащ. Зы ильэс хуэдэ лІыщІэри, зыгъэлІыщІам мэлищэ кьритащ.

Мэлищэр кьихуурэ кьыздэкІуэжьым, щІалэм зы шу кьрихьэлІащ.

- Уи мэлищэр си шымкІэ кьыІэзэхьуэж,- кьыжриІащ шум.

- Уэохуэж, - жери лІым мэлищэр иритщ, езыр шым кьэшэсри кьежьэжащ. Гъэгум зылІ щрихьэлІащ щІалэр. ЛІым щІакІу я къубгъат

- Уи шыр си щІакІуэмкІэ кьыІэзэхьуэж, гъуэгуанэ кьыссщІэльщ,- кьыщІжриІэм, ирихьэжащ, щІакІуэр и дамэм фІидзэри кьежьэжащ.

Кьежьэжауэ, нэгъуэщІ зы лІи кьрихьэлІащ.

- Уи дамэм фІэдза щІакІуэр си баштІыкІымкІэ кьыІэзэхьуэж, - кьыжриІащ лІым. Щ1алэм псальэ кьыхигъэкІа-кьым: щІакІуэр баштІыкІыкІэ ихьуэжри, и гъэгу теувэжащ. Псы кьыІэзэрыкІыжьын хуейти, псы Іуфэм Іухьауэ, жьы кьыкьхуэуэри, щІалэм и дамэм ердза баштІыкІсыр ихьащ. ЧыракІуэ щыІауэ, гуибл кьыІухьащ псы Іуфэм. Щ1алэр зэрыхэплъэр щалъагъум, чыракІуэхэр кьеупщІащ:

- Щхьэ ухэплъэр?-жари.

Щ1алэм кьехьэлІар жьриІащ чыракІуэхэм.

- Ар кьохьэлІауэ, уи щхьэгъуэзэм унэм уригъэхьэжьынкьым,- кьыжриІащ. ЧыракІуэхэр щІалэм.

- Сригъэхьэжьынущ,- жиІащ щІалэм.

- Дэ чыракІуэ дыщІащ, щэкІи, дыщІ, дыжьыни кьыдошэ,- кьыжраІащ щІалэм. - Апхуэдэ щхьэгъуэ уиІэмэ, кьэтшауэ хьауар уэттынщ, ыри гури ныщІыдгъунщ.

ЩІыхухъур нэхъ зыхуэнькъуэр

Гъуэ кьыхуащІри, щІалэр кьаутІыпщыжащ. Гъуэ кьыхуащІар куэбжэм деж кьыщІнэри, щІалэр пщІантІэм дыхьэжащ. НысащІэр унэм кьыщІэжащ, и ихьар уэттынщ, кьыщІэ-фІыкІащ.

- Тхьэм и фІыщІэщ, кьэбгъэзэжащи,- жиІащ нысащІэм. -Унэм ныщІыхьжи, зыгъэпсэху. Сэ сыпщэфІэнщ.

- Унэм сыныщІыхьэжьнуи ухсхуэпщэфІэнуи схуэфащэкъым сэ,- жиІащ щІалэм.

- Сыт кьэхъуар?- гъжьеящ нысащІэр.

- Кьэхъуар мыращ,- жери кьеехьулІар щхьэгъуэсэм хуиІуэтэжащ щІалэм. - ИльэскІэ сылІыщІэри, мэлищэ кьэслъыщІащ.

- Дыунащ, мэлищэр тхуэбзгъэунщ, - гуфІащ нысащІэр.

-Мэлищэр шы-уанэ зэтелькІэ схъуэжащ.

- ЛІым шы иІэн хуейщ, нэхъыфІыжщ.

- Щыр щакІуэкІэ схъуэжащ.

- ЩакІуэр цыхухъэм и унэщ жаІэ, дзгъэущ.

- Дзгъуэт, щакІуэр бащлъыкІэ сымыкъуэжатэмэ.

- Бащлъыкъыр цыхухъэм ёокІу...

- Псы Іуфэм сыкъэсэжкауэ, бащлъыкыр жьым сщхьэрипхъуэтри, псым езгъэхьащ.

- Ар Іужу! Уэ уикъакъыми, ди насыпщ. Щхьэр псэумэ, пыІэ щыщІэркъым.

Куэбжэ кьуагъым кьуэтым ильэгъущ щІалэм и щхьэгъуэзэм кьыІэзэрыщыгуфыкІари кьыжриІари.

Щ1алэм дыщІ, дыжьыни, щэкІи кьратри, чыракІуэхэр я гъуэгу теувэжащ.

ЛІыжьымрэ къру лъашэмрэ

ЗЫ лІЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт. Мэш хьэсэ яІэти: «Зэрыхьуам деплъынщ», - жари губгъуэм ихьащ. Къру лъашэ къэтІысауэ, хьэсэр иутэу ирихьэлІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Кърур къаубыдащ.

- Ди хьэсэр щхьэ бутэрэ? УдукІынкъэ иджы! - хуэгубжьащ къру лъашэм.

- СывмыукІ, - жиІащ кърум. - СывутІыпщыжмэ, зы фалъэ фэстынущи, фыщІыхуейм деж шхыни фщи кьыхъуэнущ - «Кьихьуэ!» эзрыжьфІэ нэхъ пІалъэ кьыхэкІынукъым.

Кърум фалъэ кьаритри, лІыжьымрэ фызыжьымрэ я унэ ихьэжащ. Фалъэр Іэнэм трагъэувэри:

- Кьихьуэ! - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Фалъэм шхын кьихьуэри, яшхащ. Фадэ кьихьуэри, трафы-хьжьащ.

- Дэ фышхакІэ зэфІэкІрэ: жьлэми дахуэпсэнщ, - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Жьлэрэи ягъэшхащ, щыкІуи ини кьыданакъым. Я гъэнэгу жьлэри ягъэшхэн мурад яІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Фалъэр кьищэри, лІыжьыр гъэгу техьащ. Гъэгум зы щІалэ кьыщрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? Сытым улъежьа? - кьеупщІащ щІалэр.

ЗдэкІуэри щІежьари жриІащ щІалэм, фалъэм и гугъу хуищІащ.

- Кьихьуэ! - жиІэри лІыжьыр фалъэм тельэщІыхьащ, щІалэ гъэгуркІуэр игъэшхащ, игъэтхъащ.

- Іэгъу! Пэжи жыпІэр, тхьэмадэ! - гуфІащ щІалэр. - Сэри сыныбдэкІуэнщ, гъусэ сыпщІмэ. Жьлэр зэрыбгъатхъэм сепІъынщ.

Щ1алэр гъусэ ищІащ лІыжьым. Гъэгу здытетым, щІалэр лІыжьым ебзэджэкІащ: езыми фаІэ иныгъти, здежьам нэмыс щІыкІэ, лІыжьым шэджагъуэ нэмэз ищІыху, фалъэитІур зэблихъуащ.

Жьлэм нэсри, лІыжьым гъуэ игъэжащ:

- Фызгъэтхъэнущи, фыкьыщІэхуэс! - жери. - Зы фалъэ сІыгъщи, «Кьихьуэ!» жысІэмэ, шхыни фади кьихьэнущ.

Щ1ыхур кьыщхуэсхуэ, щІалэм кІэбгъу зищІыжащ, къру лъашэм и фалъэр ихьри.

Жьлэр кьыщхуэса нэужь, «кьихьуэ!» жери лІыжьыр фалъэм тельэщ, арщхьэкІэ фалъэм кьиухуэлакъым.

- ДыкъэбгъэпІащ, - жари жьлэр зэбгрыкІыжащ, лІыжьым кьыщыдыхьэщхри.

И щхьэр кьыфІэхуауэ, лІыжьыр я гъэнэгу къуажэм кьыдэкІыжащ.

- Къру лъашэм си напэр трихащ, - жиІащ лІыжьым, мэш хьэсэм кІуэри, къру лъашэр кьиубыдащ. - УэукІынущ, щхьэ сыкъэбгъэпІащ, - жари жьлэр зэбгрыкІыжащ, лІыжьым кьыщыдыхьэщхри.

Жьлэм нэсри, лІыжьым гъуэ игъэжащ:

- Фызгъэтхъэнущи, фыкьыщІэхуэс! - жери. - Зы фалъэ сІыгъщи, «Кьихьуэ!» жысІэмэ, шхыни фади кьихьэнущ.

Щ1ыхур кьыщхуэсхуэ, щІалэм кІэбгъу зищІыжащ, къру лъашэм и фалъэр ихьри.

Жьлэр кьыщхуэса нэужь, «кьихьуэ!» жери лІыжьыр фалъэм тельэщ, арщхьэкІэ фалъэм кьиухуэлакъым.

- ДыкъэбгъэпІащ, - жари жьлэр зэбгрыкІыжащ, лІыжьым кьыщыдыхьэщхри.

И щхьэр кьыфІэхуауэ, лІыжьыр я гъэнэгу къуажэм кьыдэкІыжащ.

- Къру лъашэм си напэр трихащ, - жиІащ лІыжьым, мэш хьэсэм кІуэри, къру лъашэр кьиубыдащ. - УэукІынущ, щхьэ сыкъэбгъэпІащ? - ещхьэфуауащ кърум.

- СумыукІ, - жиІащ кърум. - Дапэрэ дыщэкІэ къэтэн шы пщІэгъуэлэкІэ сыпхуэупсэнщ. Зыш уэстынщи, «кьыІэтэІ» щыжьыпІэм данэрэ дыщэкІэ къэпхуэупсэнущ.

- Хъунщ, - жиІащ лІыжьым, шыр Іупмэ ІэкІэ кьиншэри и унэ ихьэжащ. «Данэ!» щыжьэм, данэ кьритащ шым, «дыщэ!» - ныжьжьмэ, дыщэ кьритащ: ажьлэм данэ джанэкІэ зариргъжуэпащ, дыщэкІэ зэщІиблащ.

- Ди гъэнэгу жьлэми сахуэупсэнщ, - жери лІыжьыр ежьащ, шы пщІэгъуэлэм шэсри. Фалъэр Іэщ1эзыгъэкІа щІалэр гъуэгум кьыщригъэлІащ лІыжьым. Ари шущ, шы пщІэгъуэлэ тесщ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? - кьеупщІащ щІалэр, сэлам кьрихри.

- Зымахуэ сыздэщІы жьлэм, - жиІащ лІыжьым. - Мы пщІэгъуэлэри кьызитащ къру лъашэм: ущхьуейм деж данэрэ дыщэкІэ кьотэнущ.

- Кърум укъигъэпцІамэ-щэ? Сэри сыздэпшэрэ си нэкІэ сыбгъэлъагъуркъэ, - жиІащ щІалэм.

- Наклуэ, - жери щІалэр гъусэ ищІащ лІыжьым.

Щ1эджагъуэ нэмэз ищІри хуейти, жьлэм нэмыс щІыкІэ, псы Іуфэм щепсыхащ лІыжьыр.

ЛІыжьым нэмэз ищІыху, щІалэм шитІыр зэблихъуащ: ТІури пщІэгъуэлэт, зэщхьырркъабзэт.

Щ1эсыжри, я гъэзгу техьэжащ. Жьлэм нэсри, гъуо игъэджащ лІыжьым:

- Мы шы пщІэгъуэлэр данэрэ дыщэкІэ кьыиэтэнущи, фыкьызэхуэс: сызэрыпщІыупсыр фи нэкІэ фІъагъунщ, - жери.

Жьлэр кьызэхуэсащ. ЛІыжьым сыт жиІами, пщІэгъуэлэм зигъэхъеякъым - дани дыщи кьыкІэрыхуакъым.

- УлІыжь тхьэгъэпІщІ! - жари лІыжьым нэхъри кьыщыдыхьэщхащ жьлэр, ауан кьащІри, зэбгрыкІыжащ. Къру лъашэм и пщІэгъуэлэр лІыжьым Іэщ1эзыгъэкІа щІалэм кІэбгъу зищІыжащ апщІондэху.

Кьигъэзэжри, мэш хьэсэм кІуащ лІыжьыр, къру лъашэр кьиубыдри, ещхьэфуауащ:

- Аргуэру сыкъэбгъэпІащ, си напэр тепхащ, пхуэфащэр уэсІэнкъэ иджы! - жери.

- УкъэзгъэпІакъым, - жиІащ кърум. - Фалъэри пщІэгъуэлэри пІэщІагъэкІащ. Зы мэльфэ гъур уэстынщи, «Дэдзей!» жьпІэмэ, кьэхъур пІъагъунщ.

Мэльфэ гъурыр кьихьри кьэкІуэжащ лІыжьыр. «Фэр яп1э щыкІэ згъэунэхунщ», - жиІащ лІыжьым, фызыжьыр пщІантІэм дэттн, мэльфэ гъурыр идзащ:

- Ныуэр дэдзей! - жери.

Фызыжьыр унащхьэм дридзеящ фэм, кьридзыхьжащ.

- Кърум сыкъигъэпщІакъым, - жиІащ лІыжьым. - Сэ напэр щытекІа жьлэми фалъэмрэ пщІэгъуэлэмрэ сІэщІэзыгъэкІа щІалэ бзаджэми сахурикъунщ иджы.

Мэльфэ гъурыр здрихьжьэри, лІыжьыр ежьащ. Гъуэгу здытетым, щІалэ бзаджэр кьрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? - кьеупщІащ щІалэр.

- СыздэкІуэр пщІэркъэ: ауан сыкъэзыщІа жьлэр бэлыхь хэдзэнущ. - Уэри аращ уэсщІэнур, - жери лІыжьым мэльфэ гъурыр идзащ. Фэм щІалэр дридзеящ, кьридзыхьжащ. ЗэжиукІэ щІыхуэм, щІалэ бзаджэр лІыжьым кьелъэІуащ:

- Мы фэм сумыгъэукІ, тхьэмадэ махуэ, фалъэри шыри уэстынщ.

Фалъэмрэ шы пщІэгъуэлэмрэ щІалэм кьыІэщІигъэкІыжри, лІыжьыр я гъэнэгу жьлэм ихьащ.

- ЛІыжь пщІыупсыр укъытхуэкІуа иджыри? - жари лІыжьым кьыщыдыхьэщхьи я гуГащ жьлэм, арщхьэкІэ мэльфэ гъурыр щахидзэм, хэт унащхьэм, хэти бэкъхьщІхьэм дридзеящ.

- СызэрымыупщІыупсыр фи фІэщ хъуамэ, иджы сывзтэнщ, - жиІащ, жьлэр игъатхъэщ, данэрэ дыщэкІэ етэри, кьахэкІыжащ.

ЛЪЫПЦІЭ

ЗЭШИЩ псэурт. Я Іуэжу щІагъуэтэкъым. «Мыр хъунукъым, лІыщІакІуэ сежьэнщи, зыгуэр кьэзгъэхьэрыкІэтэнщ», - жери зэшищым я нэхъыжьыр ежьащ. ЗыгъэлІыщІэн лъыхъуэурэ, зылІ ирихьэлІащ.

- Сэ узгъэлІыщІэнщ, - кьыжриІащ лІым. - Щ1ыр схуэбэнщ. Щ1ыр вэн фыхьыху, укъэтэмакъкІэщІрэ угубжьмэ, уи щІыбым фчлъырищ дэсхьнщ. Сэ сыгубжьмэ, уэри ар кьыІэзэщІэнщ.

АбыкІэ зэгурыІуащ. ЛІым зы выжь иІэти, вэн ныр игъэІущІащ: «ЛІыщІэр вакІуэ согъакІуэ, хьэсэбгъкъум удэмызагъэурэ гъэгубжь», - жери.

ЛІыщІэр вакІуэ кІуащ. Выжьыр хьэсэбэкъум дэзагъэртэкъыми, тхьэмахуэ дэкІа нэужь, губжьри, кхъуэхьэнцэр вым трикъутащ. «ІІхьы, угубжьа?» - жери лІым лІыщІэм и щІыбым фэлъырищ дихащ, лІыщІапщІи кьритакъым, кьрихужьэжащ.

Зэшищым я нэхъыжьым кьигъэзэжащ, зигъэшауэ пщІантІэм дыхьэжащ. Щхьэгъубжэм кьыдэплъри, курытым и щхьэгъуэзм жиІащ:

- Уи шынэхьыжьым зыуэр кьеехулІа хуэдэщ, уэри уеежьэрэ улІыщІэркъэ.

Курытри лІыщІакІуэ ежьащ, шынэхьыжьым и щІыбым фэлъырищ дэзыха лІым дёж Іуубащ. Ардыдэр кьриуихылІащ курытми. Тхьэмахуэ нэхъ хуэхьакъым абыи: губжьри, хьэсэбэкъум дэмызагъэ выжьым кьуэхьэнщэр трикъутащ. Курытри кьрихужьэжащ, и щІыбым фэлъырищ дихри. Зигъэшауэ ари пщІантІэм кьызэрыдыхьэжар илъэгъуащ эзшхэм я нэхъыщІэм и щхьэгъусэм.

- Уи шынэхьыжьитІми зыгуэр кьалІыщІащ, уэри уежьэмэ, зыгуэр кьохьулІэщ, - жиІащ нэхъыщІэм и щхьэгъусэм.

Шынэхьыщ1эр ежьащ, нэхъыжьитІым я щІыбым фэлъыр дэзыха лІым деж кІуащ:

- СыгъэлІыщІэ, - жери.

- УзгъэлІыщІэнщ, - кьыжриІащ лІым. - Щ1ыр схуэбвэнщ, схуэпсэнщ, гъавэр кьепхьэлІэжьынщ. Кьыгуугур кьэджэху уи пІалъэщи, апщІондэху угубкьмэ, уи щІыбым фэлъырищ дэсхьнщ, сэ сыгубжьми, аращ кьыІэпщІэнур.

ЛІыщІэр вакІуэ дэкІащ. Выжьыр хьэсэбэкъум дэмызагъэ щхьхъум, лІыщІэм жиІащ:

- Уешмэ, удыхьэ жьнкъэ: сэ сыздэпІащІэ щІыІэкъым. - ТІысри щІысащ, выжьыр хьэсэбэкъум дэувэжьыху: вым жуэгубжьакъым, еуакъым.

ЛІыщІэр кьыІэзэрыхуэмыгубжьар лІым жриІэжащ выжьым. «Абы щІыгъуэ пщІэдей мэз згъэкІуэнщ. ПхьэІу кьрилъхьэрэ фыкьежьэжмэ, кьуэм укъыхудэмыкІыурэ гъэгубжь», - игъэІущащ лІым выжьыр. ПщІэддыжьжьым:

- Нобэ мэз кІуэи, зы пхьэгу кьашэ, - жриІащ лІым и лІыщІэм.

Щ1алэр мэз кІуащ, пхьэгу кьрилъхьэри кьежьэжащ. АрщхьэкІэ вым лъэданэ эригъэнащи, кьуэм кьыхудэкІыркъым.

- УэрегъакІуэщ, - жери щІалэр джабэм кІэрыгъуэлъхьащ, и гущІыІу дэгъэзеяуэ. Дэплъейри, бгъэ кьыщхьэщыхьауэ ильэгъуащ щІалэм.

- Уа, бгъэжь, - еджащ щІалэр, - ныщэдибэ шкІащІэ кьалъхуауэ сыкъежьащи, мыгъэдэм деж лъэти, мыр схужеІэ: «ЛІкІащІэр вы хьумэ, кьеГэхуи, мобы пэщІэсщІэнщи, пхьэгур кьуэм кьыдэсщынщ».

Лъэпкъ ЭщIагъэлIхэм я кIыщ

● Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс 50 ирокъу

Ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мазэуцухуэхэмкIэ къудейщ мы илъэсыр: Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъуэр илъэс 450-рэ ирокъу; 1944 гъэм зацымыгъэкIэ я лъэхъэм ирашауэ щыта балъкъэрхэм къыщалъхуэ щыпIэм къызэрагъэзэжрэ илъэс 50 нэхъу; Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр щIэщIыгъуэ ныкъуэ ирокъу, ар къызытепщIыкIа ди пединститутыр къызэрыгуфIэхэр илъэс 75-рэ хъуащ. А псори къыгуэхыпIэ имыIэу яцыщащ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэхэм я гъашIэм, экономикэм, щэнхабзэм игъуэта зыужьыныгъэ инхэм.

ДЫЗЭРЫщIыгъуэ ЗЭщIи Урысейм щекIуэкIа Октябрь революцэм ящэкIэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыпсэуэ пытпэхэр экономикэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ я Iуэхуэхэр нэхъ кьыкIэрыкуэ дыдэхэм хуабжэу щытащ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм я тхыбзэ яIэтэжыщ. Языныкъуэхэм кьыхэратыкIыгъэкIэ, адыгэхэм яцыщу щIэныгъэ зиIэхэр зэрыхъуэ процентитI кьудейр, балъкъэрхэм я деж а бжыгъэр щыгъэ. Мащщ!

Iуэхур щызэкIэлъымыкIуэр ди лъахэм и закъуэтэкъым - Кавказ Ищхъэрэ псом щIэныгъэншагъэр щытепщэт. А ныкъуасныгъэр гъэзэкIуэжыныжкIэ хузэфIэмыкIын кьаIэнышхуэIуэ и пщэ кьыдахуэрт Орджоникидзе къалэм кьыщыщэрагъэпэщащ пединститутым. Пльапкъ кущ щыпсэу Кавказ Ищхъэрэм дежкIэ, дауи, а зы еджапIэр мащIэ. Ар кьаIэныгъащ 1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрми пединститут кьыщызэIуихи хуейуэ унафэ кьыщащтэм щыгIуэ. Пэжщ, абы тIуегъэкIа Iуэхуэ пыщIауэ щытащ. ЕджапIэр кьыщызэIупхын умэ кьудей щыIэтэкъым. ЕгъэджакIуэ Iэщагъэ зиIэхэри мащIэ дыдэт. Псом ящхъяжращи, еджапIэ нэхъыщхьэм щIэбгъэтIысхьэну щIалэгъуэр хуабжу гъуэгтыгъуейт - апхуэдэжэр дэнэ кьыпхьащI, кьуажэм шИтхэр щыщIэмытакIэ?

Ауэ щIэблэр емыджэу зэрымыкъынур гурыIуэгъуэт икIи абы щхьэкIэ зэрыгъэзэнэн хуейт. Аращ ди областым и унафэщIхэм ищхьэкIэ щыIэ къулыкъущIэхэм пльэкIэ зыщIыхуэгъэзэр. 1932 гъэм Краснодарым и 15-м Псыхуабэ кьаIэм кьыщыщIэуалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр. Абы факультету 3 иIэт: физикэмрэ математикэмкIэ, биологиемкIэ, литературэмкIэ. Ящ илъэсым а еджапIэм щIэсахэм я бжыгъэр мащIэщ, псори 120-рэ хъуащ. Iуэхуэ зэрыхъур. TIэкIу кIуатэри, институтым кьыщIэнэжар щIыхущIэщ. Аха зэпыгъэджа щIыкIу 13-м яхэтт профессору тIурэ доцентитIрэ. Ди лъахэм и школхэм щыIэ жьэну еджэжакIуэхэр гъэхъэзырыныжкIэ а пединститутым мыхьэнэшхуэ зэриIэм щхэм хэлъкъым. Ауэ абы зы ныкъуасныгъи пыщIат: еджэфыну щIалэгъуалэр арыншами зэрымащIэм ищIыкIыжкIэ IыкIуабэ яку кIуэнми гуГуеуэх Iэджэ пыщIат, кIуэр-къэкIуэжин уеджэфынутэкъым. Аратти, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр Налшык къхьыжащ. Абы папщIэ Затншьем щащIащ еджапIэм и унэри студентхэр зыщыпсэуну общежитхэри. Институтым и унафэщIу ягъуэващ Покорский И.Н., нэхъапэ IуэкIэ Налшык рабфакым и директору щытащ.

Институтыр Налшык къахьыжа пэтми, абы щрагъэджэну щалэгъуалэр яхурикъуэр гъэкIым. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ящыщ егъэджакIуэхэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, кьуажэ щIалэгъуалэр езыгъэджэн ягъуэтыртэкъым. А Iэмалыншагъэм иреухIэри, 1934 гъэм пединститутым къыщыщIэIуах илъэситIым кьрнубыдэу егъэджакIуэхэр кьызыщIагъэкIыну кьудаемэр. Ар кущIэ ящыщ Iуэхуэ пединститутым щеджэфын щIэблэр кьуажэжэм щыгъэхьэзырынымкIэ.

1936 гъэр пединститутым и гуфIэгъуэ махуэхуэт: абы яп дыдэу кьыщIигъэкIащ щIэныгъэ зэхьыщIхэ зиIэ егъэджакIуэу пщIей. Абыхэм щIыкIуэр хуэгъэдэжэт биологием, урысыбзэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ. МатематикэмкIэ егъэдэжэну Iэщагъэ гупыр 1937 гъэм кьыщIагъэкIащ. А щыкIэм тету, ди школхэр кьыззэрагъэща хъурт Iэщагъэ IэзэхэмкIэ. Мис абыхэм щхьэкIи псэупIэ гнэхэр Налшык щаухуэу щIадзащ 1937 гъэм. Езы еджапIэм и унафэщIри яхьэужащ: директору ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркан Хьэту. А щIыхь зиIэхэри Iэщагъэ зиIэхэри щIалэгъуалэ хуабжу гуфIэгъуэ зиIэ щIалэгъуалэр ящыщ Темыркан Хьэту, гъэзэжкIэ. Мис абыхэм щхьэкIи псэупIэ гнэхэр Налшык щаухуэу щIадзащ 1937 гъэм. Езы еджапIэм и унафэщIри яхьэужащ: директору ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркан Хьэту. А щIыхь зиIэхэри щIалэгъуалэ хуабжу гуфIэгъуэ зиIэ щIалэгъуалэр ящыщ Iэщагъэ зиIэхэри щIалэгъуалэ кущIэ ящыщ щIадзащ 1937 гъэм. Езы еджапIэм и унафэщIри яхьэужащ: директору ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркан Хьэту. А щIыхь зиIэхэри щIалэгъуалэ хуабжу гуфIэгъуэ зиIэ щIалэгъуалэр ящыщ Темыркан Хьэ. А щIыхь зиIэхэри щIалэгъуалэ зиIэхэри щIадзащ 1937 гъэм. Езы еджапIэм и унафэщIри яхьэужащ: директору ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркан Хьэту